

13 novanm 2008

Chè Paran:

Lèt sa a se pou enfòm w yo te idantifye Distri Lekòl Dade County kòm yon distri ki bezwen aksyon koreksyonèl dapre akò federal “No Child Left Behind (NCLB) Act” (Akò Okenn Timoun Pap Rete Dèyè). Sa vle di distri a pat satisfè tout kritè eta a pou elèv reyisi, oubyen lekòl la pat fè “Adequate Yearly Progress (AYP)” (Pwogrè Anyèl Adekwat), nan lekti, redaksyon, e/oubyen matematik pou katran oubyen plis ane. Distri Lekòl Dade County te satisfè 79 pousan nan kritè AYP yo.

Depatman Edikasyon Florid mande distri lekòl ou a pou l devlope yon plan pou l ede lekòl li yo amelyore reyisit yo. Ou ka gen aksè a Plan Amelyorasyon, Asistans, ak Entèkansyon Distri sa a nan paj Entènèt Depatman an nan http://www.flbsi.org/0809_sip_template/login.aspx. Anplisdesa, distri a dwe deplase yon pati nan fon li yo nan lekòl yo pou l ka sipòte aktivite k ap pèmèt elèv yo reyisi pi byen lekòl.

Ou jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon pitit ou a, e mwen envite w pou vin aktif nan lekòl pitit ou a. Genyen plizyè fason ou ka patisipe nan edikasyon pitit ou a tankou:

- Ale nan konferans paran avèk pwofesè pitit ou a
- Patisipe nan aktivite ki fèt nan lekòl la
- Tounen yon manm nan Komite Konsèyè Lekòl la
- Fè volontè nan lekòl pitit ou a

Si w gen kesyon konsènan pwogrè akademik pitit ou a, distri lekòl ou a, oubyen kòman ou ka vin pi aktif, nou ankouraje w pou kontakte direktè lekòl ou a.

Sensèman,

Dtè. Eric J. Smith

ES/Isbm/rl